

# Enfòmasyon sou nouvo pri tikè

K ap aplikab 20 Out 2023

	Pri tikè
<b>Tren ak Otobis Lokal</b>	\$2.90
<b>Pri tikè ki gen rabè</b>	\$1.45
<b>MetroCard ki gen pakou ilimite®:</b>	
30-Jou (Pri konplè / pri ki gen rabè)	\$132.00 – \$66.00
7-Jou (Pri konplè / pri ki gen rabè)	\$34.00 – \$17.00
<b>Tikè Ale Senp (wap jwenn yo achte nan machin otomatik ki gen bagay pou vann yo sèlman)</b>	\$3.25
<b>Tarif Bis Rapid</b>	\$7.00
<b>Pri ki gen rabè (nan lè ki pa gen anpil aktivite sèlman)</b>	\$3.50
<b>Bis Rapid 7-Jou (valab tou nan tren ak otobis lokal)</b>	\$64.00
<b>Paratransit/Access-A-Ride</b>	\$2.90

Remake: Yap aplike frè \$1 sou chak nouvo MetroCard ki achte.

## Fason pou w itilize OMNY

OMNY se sistèm pèman san kontak MTA a. Machin ki li OMNY yo disponib nan tout antre estasyon tren ak nan tout bis. Chwazi metòd pèman ki pi bon pou ou.

- Tape telefòn entèlijan w oswa aparèy ki gen opsyon ou ka mete kat pou w peye ladan l.
- Tape kat kredi, debi, prepeye, oswa anvan-taks ou ki san kontak.
- Tape yon kat OMNY, ki disponib pou w achte epi mete pasaj sou yo nan magazen ki tou pre w.

## Limit pri OMNY

OMNY mete limit sou pri w peye chak semèn nan rive nan \$34 lè w tape menm kat oswa aparèy la pou chak vwayaj. Sa bay kliyan OMNY yo avantaj yon MetroCard llimite pou 7 jou san w pa peye alavans.

Premye tap la kòmanse yon limit sèt-jou. Si w depanse \$34 nan sèt jou, w ap vwayaje gratis pou rès peryòd li rive nan limit la. Si w depanse mwens, ou peye sèlman pou vwayaj ou fè yo.

Limit la kòmanse kontwole ankò chak sèt jou e l rekòmanse pwochen fwa ou tape. Bis rapid, vwayaj an gwoup, ak transfè yo pa konte nan limit la. Pri tikè ki gen rabè limit la se \$17.

## Opsyon pri kat yo

### Kat OMNY

- Ou ka achte ak mete vwayaj sou kat OMNY yo nan magazen ki nan tout vil la. Ale sou omny.info/retail pou w jwenn yon magazen ki pi pre w.
- Ou dwe mete omwen \$1 sou nouvo kat OMNY yo lè w ap achte.
- Asosye kat OMNY w la ak yon kont OMNY pou w ka mete lajan sou kat ou sou entènèt oswa transfere balans ou sou yon nouvo kat.

### Machin Otomatik MetroCard Ki Gen Bagay pou Vann yo (MVM):

- Yap aplike frè \$1 pou chak nouvo MetroCard ki achte. Yo pap aplike frè pou rechaj kat oswa MetroCards Pri redwi.
- MVM yo aksepte sèlman biyè \$1, \$5, \$10, \$20 oswa \$50. Yo pa aksepte biyè \$100.
- Peni pa ladann; ou ka achte avèk pyès monnen senk santim sèlman.
- MVM yo ap remèt jiska \$6 an monnen.

## MetroCards yo mete pasaj davans sou yo ki disponib pou founisè yo sèlman.

Pou w pi alèz, pran kantite pakou egzak ou bezwen san pa gen balans ki rete lakay founisè ki patisipe yo nan tout vil la:

### Si ou monte tren ak/oswa otobis lokal:

Achte yon MetroCard pou \$5.80	Jwenn 2 vwayaj
Achte yon MetroCard pou \$11.60	Jwenn 4 vwayaj
Achte yon MetroCard pou \$23.20	Jwenn 8 pakou
Achte yon MetroCard pou \$70.00	Jwenn 24 pakou

### Si ou monte otobis Rapid:

Achte yon MetroCard pou \$70.00	Jwenn 10 pakou
---------------------------------	----------------

## Peryòd Ou Gen pou w MetroCard ki gen pakou ilimite ak Ranbousman

Ou dwe aktive tout chanjman nan Vwayaj Metrocards ou achte anvan 20 out 2023 disi 27 out 2023 nan fason pou w jwenn trajè san limit pou tout jounen an.

Kalite	Valab jiska
7-Jou Vwayaj llimite MetroCard	2 Septanm 2023
7-Jou Express Bus Plus	2 Septanm 2023
30-Jou Vwayaj llimite MetroCard	25 Septanm 2023

## Pou acha ki fèt anvan 20 out 2023, pri a chanje:

1. Pakou MetroCards san limit ki pa itilize: y ap fè ranbousman nan pri dacha a.
2. Pakou MetroCards san limit ki itilize: y ap fè ranbousman sou yon baz sa ki te itilize.

## Voye ba nou pa lapòs MetroCard Pakou san limit ou a:

- Mande operatè otobis ou a oswa yon ajan nan kontwa estasyon an yon fòmilè/avèk anvlòp ki gen tenb lapòs.
- Oswa, telechaje fòmilè a sou [www.mta.info](http://www.mta.info) epi voye l pa lapòs; Tenb obligatwa.

## Kontakte nou

Pou w aprann plis konsènan nouvo pri yo ale sou [www.mta.info](http://www.mta.info) oswa rele 511; Ajan yo nan sèvis soti 6 a.m. rive 10 p.m. chak jou.

